

Vèsyon Preliminè Kritè Kominote Defavorize Eta New York yo

Chanjman klimatik la pa afekte abitan k ap viv New York yo menm fason

Se yon menas ki vin pi grav akòz chay, vilnerabilite ak estrès ki te deja egziste pami kominote yo nan tout Eta a. Pou rezon sa a, Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominote (Lwa Klima) New York la ki bay egzanp nan tout peyi a, egzije pou yo idantifye ak konsidere kominote ki defavorize yo (DAC) pandan y ap enpleman Lwa Klima a ak lòt aksyon Leta dirije yo. Yon egzijans 35%—ak yon objektif 40%—nan benefis ki soti nan envèstisman Eta a dwe dirije bay DAC yo epi ajans Eta a bezwen konsidere enpak sou DAC yo lè y ap pran desizyon.

Gwoup Travay sou Jistis Klimatik (Climate Justice Working Group, CJWG) New York la, ki gen ladann reprezantan ki soti nan gwoup sou Jistis Anviwònman ki soti toupatou nan Eta a, te fòme pou idantifye kominote defavorize yo (Disadvantaged Communities, DACs) yo souvan neglije nan inisyativ politik sou klima yo epi asire yo benefisye yon fason dirèk de tranzisyon istorik Eta a pou itilize sous enèji ki pi pwòp ak pi vèt, redui polisyon epi gen yon lè ki pi pwòp, ak opòtinite ekonomik.

Kijan yo idantifye kominote defavorize yo?

CJWG te itilize 45 endikatè pou idantifye 35% nan New York antanke DAC. Tablo 1 an montre pousantaj sektè resansman yo¹ ki idantifye tankou DAC nan chak rejyon nan Eta a. Kritè (Tablo 2, Tablo 3) yo gen ladan plizyè endikatè ki reprezante fado anviwònman an oswa risk chanjman klima nan yon kominote, oswa karakteristik popilasyon an ak vilnerabilite nan zafè sante ki ka kontribye nan plis efè negatif grav nan chanjman klima.

Rejyon ki koresponn ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Eta New York la epi yo klase soti nan zòn ki plis peple rive nan zòn ki mwens peple yo. Pou ou kapab jwenn yon lis tout Konte ki nan chak rejyon, ale sou regionalcouncils.ny.gov.

Tablo 1. Pousantaj sektè resansman nan chak rejyon yo deziyen kòm yon pwojè DAC

Rejyon	Pousantaj sektè yo idantifye kòm pwojè DAC
Vil New York	44%
Long Island	14%
Mid-Hudson	42%
Western NY (Lwès Eta New York)	34%
Finger Lakes	35%
Rejyon Kapital	21%
Central NY (Rejyon Santral Eta New York)	35%
Southern Tier (Nivo Sid)	22%
Mohawk Valley	26%
North Country	14%
Total Tout Eta a	35%

Tablo 2. Chay Anviwònman ak Risk Chanjman Klimatik yo: Endikatè

Chay Anviwònman ak Risk Chanjman Klimatik la		
Itilizasyon tè ak enstalasyon ki asosye ak diskriminasyon istorik oswa dezentvestisman	Risk posib pou chanjman klima	Ekspozisyon poib nan polisyon
Pwoksimate sit reyabilitasyon	Pwojeksyon chalè ekstrèm	Dansite sikilasyon machin dyezèl kamyon ak otobis
Pwoksimate sit plan jesyon reglemante yo	Inondasyon nan zòn kotyè yo ak zòn radmare yo enfluyans (projte)	Patikil matyè (PM2.5)
Pwoksimate gwo enstalasyon depo petwòl	Inondasyon nan zòn anndan yo (projte)	Konsantrasyon benzèn
Pwoksimate enstalasyon pwodiksyon kouran	Kouvèti vejetal ki fèb	Jete dlo sal
Pwoksimate dechaj aktif	Tè agrikòl	
Pwoksimate kote yo boule fatra minisipal yo	Tan yon moun fè ap kondi pou ale lopital oswa nan swen ijan/kritik	
Pwoksimate machin ki transfòme metal		
Itilizasyon tè endistriyèl/fabrikasyon/min		
Pousantaj lojman ki vid		

¹Rejyon yo koresponn ak rejyon Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Eta New York la epi yo klase soti nan zòn ki plis peple yo pou ale nan zòn ki mwens peple yo. Pou ou ka jwenn yon lis tout Konte ki nan chak rejyon, ale nan regionalcouncils.ny.gov.



Department of Environmental Conservation

NYSERDA


Yo bay chak sektè resansman nòt dapre chay relatif, risk, vilnerabilite oswa sansibilite. Espesyalman, yo konbine chak ranje ki gen san (100) endikatè pou chak seksyon resansman pou pwodui yon valè ki mezire nivo relatif “Chay Anviwònman ak Risk Chanjman Klimatik” nan yon sektè resansman, ansanm ak “Karakteristik Popilasyon ak Vilnerabilite pou Lasante” parapò ak lòt zòn yo. Sektè yo ki gen pi gwo nòt parapò ak (a) lòt sektè nan Eta a; oswa (b) yo te idantifye rejyon yo (Vil New York oswa Rès Eta) kòm DAC.

Sou labaz nòt konbine sa a, yo konsidere tòm 35% nan sektè resansman yo kòm DAC. Anplis desa, 19 sektè kote omwen 5% nan tè yo se rezèv federal ofisyèlman deziyen oswa ke yon nasyon Endyen posede, anrejistre otomatikman tankou DAC kèlkeswa klasman an pousantaj ki genyen konsènan endikatè sa yo.

Kouman yo konsidere fwaye kay ki pa gen anpil revni yo tankou yon pati nan kritè DAC yo?

Anplis kritè DAC jeyografik yo diskite pi wo a, poukontabilize investisman nan enèji pwòp ak efikasite enèjetik, fwaye kay yo ki gen revni anyèl ki egal oswa anba 60% Revni Mwayen Eta a oubyen ki elijib kategorikman nan nenpòt lòt fason pou pwogram pou revni ki fèb (sètadi pou Pwogram Èd Enèji nan kay (Home Energy Assistance Program)), enkli nan kritè a. Fwaye kay sa yo gendwa sitye nenpòt kote nan Eta a epi yo enkli yo pou kapab kapte povrete riral akòz korelasyon elve ki genyen ant endikatè jeyografik ak sant gwo konsantrasyon popilasyon epi eksklizivman pou kapab asire aksè nan investisman ki fè enèji vin bon mache Eta a reyalize.

Figi 1: Ogmantasyon nan kantite kay yo mete nan kritè DAC yo nan objektif pou kontabilize investisman nan efikasite enèji ak enèji pwòp, klasman pa Rejyon



*Estimasyon sou pousantaj kay yo mete nan kritè yo pou suiv enèji pwòp ak enèji

Tablo 3. Karakteristik Popilasyon an ak Vilnerabilite pou Lasante: Endikatè

Karakteristik Popilasyon an ak Sante Vilnerab

Revni

Pousantaj <80% Revni Mwayèn Zòn lan
 Pousantaj <100% Liy Povrete Federal
 Pousantaj ki san diplòm bakaloreya
 To chomaj
 Pousantaj fanmi yonsèl paran

Ras ak Orijin Etnik

Pousantaj Latino oswa Panyòl
 Pousantaj Nwa oswa Ameriken Nwa
 Pousantaj Azyatik
 Pousantaj Ameriken Natif Natal oswa Endijèn
 Moun ki pa pale Anglè Byen
 Nòt istorik an wouj

Rezilta sou Sante ak Sansibilite

Vizit nan depatman ijans pou opresyon
 Vizit nan depatman ijans COPD
 Ospitalizasyon pou kriz kadyak (MI)
 Lanmò anvan lè
 Pwa nan nesans ki fèb
 Pousantaj ki pa gen asirans sante
 Pousantaj avèk andikap
 Pousantaj granmoun ki gen 65 lane ak plis

Lojman Mobilite ak Kominikasyon

Pousantaj kay lokatè yo okipe
 Chay depans lojman (depans pou lokasyon)
 Povrete enèjetik / depans Chay
 Kay prefabrike
 Kay ki te bati anvan lane 1960
 Pousantaj san entènèt



Department of Environmental Conservation | NYSERDA

Aprann plis nan climate.ny.gov